Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 187 (25916)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 10 октябр — кæфты мæйы 10 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
Советы уынаффæтæ

3 ДУГТЫ БАСТДЗИНАД
Уæлахиз уæд нæ зынаргъ Ирыстон!

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Фехтовани

Æхсызгон цау

Тагъд æххуысы кусджытæн — сæрмагонд дарæс

Республикæйы тагъд æххуысы рацæугæ бригæдты кусджытæн læвæрд æрцыд сæрмагонд дарæсы хуыз.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы фæдзæхстмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад ацы аз службæ "03"-йы дохтыртæ, фелсыртæ æмæ шофыртæн зымæгон дарæсы 881 фæлысты бахуыйын кодта. Уыдонæй уал 448 фæлысты райстой республикæйы районты медицинон уагдæттæ, 433 фæлысты та дзы ратдзысты Дзæуджыхъæуы Тагъд æххуысы станцæйæн.

Тагъд æххуысы рацæугæ бригæдты кусджытæн сæрмагонд уæлæдарæс бахуыдтой, нырыккон домæнтæ æмæ хи сæрмагонд бæрстытæ хынцгæйæ. Афтæмæй тагъд æххуысы кусджыты сæрмагонд дарæсæй сифтонг кæныны фарста æхгæд æрцыд.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, 2022 азы тагъд æххуысы службæйы кусджытæн кæй радтой сæрдыгон дарæс.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Республикон программæйы фæлгæты

Цыколайы байгом спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс

Ивгъуыд майрæмбоны Цыколайы байгом нырыккон спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс. Кадджын æмбырды архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Ног объект арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны республикон программæ "Хъæуон цæрæн бынæтты æппæтвæрсыг райрæзт"-ы фæлгæты.

Уыцы ахсджиаг цауы фæдыл бынæттон цæрджытæн арфæ ракæнгæйæ, республикæйы разамонæг куыд фæнысан кодта, афтæмæй ног комплексы фæрцы фылдæр адæмæн фæзындзæн спорты алыхуызты архайыны фадат. Зæгъæм, боны дæргъы ног комплексы лæггæдтæй спайда кæныны фадат уыдзæн 100 адæймагæй фылдæрæн.

— Ныртæккæ нæ сæйрагдæр хæс у республикæйы цæрджыты æппæтвæрсыг райрæзтæн хъæугæ фадæттæ саразын. Æмæ уымæн, фыццаджы-фыццагдæр, ахъаз сты райрæзты федералон æмæ регионалон программæтæ, — бафиппайдта Сергей Меняйло.

Фысымтæ æмæ уазджытæ базонгæ сты спортивон-дзæбæхгæнæн комплексы фадæттимæ. Афтæ, 5 мин квадратон метрыл æрбынæттон сты футбол æмæ спорты иннæ хуызты архайынæн сæрмагонд фæзтæ. Районы фæсивæд уым архайдзысты уæгъдибар хъæбысхæстæй, боксæй, акробатикæйæ, баскетболæй, волейбол æмæ спорты иннæ хуызтæй секциты. Ног спортивон объект дзуапп дæтты æппæты нырыккондæр нормативон домæнтæн.

Фæстæдæр Сергей Меняйлойæн сæрмагонд фембæлд уыд Æрæфы районы сæргълæууæг **Хамыхъоты Робертимæ.** Фембæлды архайджытæ се 'ргом аздæхтой районы дарддæры социалон-экономикон райрæзты фарстатæм.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Хъайтары кадæн

Æхсарджын ирон

Журналистты хæдзары арæзт æрцыд конференци æхсарджын ирон, зынгæ æфсæддон архайæг, инæлар-булкъон, Советон Цæдисы Хъæбатыр Мамсыраты Джиоры фырт Хаджумары райгуырды 120 азы боны кадæн Бетъырбухы хицауады Æддагон бастдзинæдты комитеты æмæ ацы горæты ирон диаспорæйы хъæппæрисæй.

Фембæлды архайдтой: ирæтты къорд — хъайтары æмзæххонтæ, фысджытæ, паддзахадон æдасдзинады ветерантæ, студенттæ. Сæрмагонд службæты историк, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг **Сергей Рац** скодта доклад

Мамсыры-фырты цард æмæ куысты тыххæй — Граждайнаг хæсты, Финляндиимæ хæсты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæджы тыххæй. Сергей Рац бахаххх кодта 1920 азты Кавказы урсгвардионты ныхмæ тохы, Мадрид бахъахъхъæныны 1936 азы, диверсион-сгарæг къордтæ цæттæ кæныны, немыцы фæсчъылдым партизанты къордтæ аразыны, нацистты лагертæй ахст адæмы уæгъд кæныны, фашистон Герман ныппырх кæныны Мамсыраты Хаджумары стыр бавæрд. Фыссæг Бетъырбухы ирон диаспорæйæн балæвар кодта йæ чиныг **"Советники Сталина в Испании. 1936-1939 г."**

Владимир ВАСИЛЬЕВ,
"Литературон газет",
27 сентябр-3 октябр №38 (6903) www.lgz.ru

Кусæг фембæлд

Ногиры бынмæ хид æмæ æндæр ахсджиаг объекттæ

Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн кусæг фембæлд уыд Уæрæсейы транспорты министры фыццаг хæдивæг Андрей КОСТЮКИМÆ. Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой республикæйы транспортон инфраструктурæйы объектты нывыладмæ.

Зæгъæм, боны фæткы уыд Ногиры бынмæ хиды рацарæзт. Зындгонд куыд у, афтæмæй уалдзæджы донивылдтыты аххосæй ацы хид ныккалд. Уыцы æууæл бирæ къуыхцытæ æвзæрын кæны транспорты змæлдæн.

Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй 2023 азы кæронмæ хъуамæ цæттæгонд æрцæуа хиды рацарæзты проектон-сметон документаци. Уыцы фарстамæ ныр йе 'ргом аздахдзæн УФ-йы Транспорты министрад дæр. Дзанайты Барис æмæ Андрей Костюк куыд баныхас кодтой, афтæмæй федералон ведомствæйы æххуысæй ацы æмæ иннæ ахсджиаг объектты цалцæг æмæ арæзтады фарстатæ лыггонд цæудзысты бæлвырд фæткы бындурыл.

— Федералон центры æххуысæй зынгæ куыст цæуы республикæйы автомобилон фæндæгты нывыладыл. Зæгъæм, ацы аз фæндæгты арæзтад æмæ цалцæгæн нысангонд æрцыд 5 миллиард сомæй фылдæр. Уыцы фæрæзтæй базилдзысты алыхуызон 70 объектмæ. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло республикæйы Хицауадæн бахæс кодта, цæмæй амынд фарстатыл æнгом æмгуыстад кæна федералон ведомствæтимæ. Æмæ уыцы архайды иудадзыгдæр æнкъарæм УФ-йы Транспорты министрады аудынад дæр, — загъта Дзанайы-фырт.

Фембæлды архайджыты ныхасмæ гæсгæ, фыццаградон æргом здæхт цæудзæн республикæйы ахсджиагдæр туристон бынæтты фæндæгты нывыладмæ дæр.

СЛАНТЫ Аслан

Æнæниздзинад

Кусынц æппæт скъолатæ дæр

Цæгат Ирыстоны фæкъаддæр вирусон хæцгæ низæй (ОРВИ) рынчын адæмы нымæц. Уый тыхæй фехъусын кодта "Роспотребнадзор"-ы управленийы разамонæг Тыбылты Алан. "Дарддæр нæм цæуы гриппæй иммунизаци, абоны онг уыцы низы ныхмæ хосы судзинтæ скодтам 132 мин адæймагæн. Амынд ис, цæмæй сывæллæтты ахуырадон бынæтты райсомæй цæстдард цæуа се 'нæниздзинадмæ, бæлвырд зоной, цал сывæллоны æмæ цæй аххосæй не 'рбацыдысты ахуырмæ".

Абоны онг вирусон хæцгæ низæй рынчын скъоладзауты нымæц у æдæппæт 13 проценты. Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министрады разамонæг Алыбегты Эллæ куыд загъта, афтæмæй нæм ныртæккæ карантины уагыл æхгæд скъолатæ нæй. Рæвдауæндæтты не сты, чи дзы хъуамæ уа, уыдоны 30 проценты, кæцытæй æрмæст 8 проценты сты вирусон хæцгæ низæй рынчын сабитæ. Æртæ рæвдауæндоны сæхгæдтой карантины.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæйрæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон авзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абоны æмæ нæ сомбоны тыхæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

Редакци

Дзырды фарн

Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн.

ТЫБЫЛТЫ Аликсандр

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **10 октябры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **10-15 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **10-12 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 11,18

Хурыскаст — 06,08
Хурныгуылд — 17,26

Валютæйы аргъ

Доллар — 98,86 ↑
Евро — 104,04 ↑

12+

Фембæлд

Ныхасы сæр — æмгуыстад

Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы РЦИ-Аланийы æфсæддон-политикон куысты Управленийы хайады капитан ГИЗОЙТЫ Вадим фембæлд фонд "Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ"-йы регионалон хайады минæварттимæ.

Фембæлды фæлгæты ныхас цыд дарддæры æмгуыстады тыххæй æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æхху уысы мадзæлттыл.

"Бархийæ æхху уысгæнджытимæ бацархайдзыстæм сæрмагонд куырдиæттæ æмæ фарстатыл бакусынмæ", — фæнысан кодта капитан Гизойты Вадим.

Паддзахадон фонд æмæ Уæрæсейы Национ гварди архайдзысты ведомствæйы ветеранты Уæрæсейы граждæнты патриотон хъомылад, историон зæрдылдард æмæ монон хæзнатæ бахъахъхъæнынмæ арæзт Цæгат Ирыстон-Аланийы проектты архайынмæ сразæнгард кæныныл.

УФ-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы РЦИ-Аланийы пресс-службæ

Коммуналон фарстатæ

Ноджыдæр ма иу хатт нуазыны доны тыххæй

Дзæуджыхъæу хауы, йæ цæрджыты нуазыны дон æппæтæй хæрзхъæддæр кæм у, Уæрæсейы уыцы горæтты нымæцмæ. Æмæ уыцы хорз хъуыддаг дарддæр дæр зæрдæхсайнаг цæмæй ма уа, уый тыххæй йæм нæ республикæйы донæй æфсадыны æмæ дон бауадзыны куыстуаты лаборатори иудадзыгдæр йæ цæст дары. Абоны онг йæ кусджытæ райстой доны 3000 бæрæггæнæнæй фылдæр. Æмæ дзы гуырысхойагæй ницы ссардтой.

Нуазыны доны уаварæмæ цæстдард цæуы Цæгат Ирыстоны "Роспотребнадзор"-ы управленийы сæрмагонд программæмæ гæсгæ. Уый тыххæй нæ уацхæссæгæн лабораторийы хайады хицау **Саппиаты Зæлинæ** афтæ радзырдта: "Æппæты фыццаг дон бахауы микробиологийы боксмæ, уым æй дезинфекци скæнынц, уый фæстæ та йæ хъæугæ температурæмæ схæццæ кæнынц æмæ кæсынц, микробты бæрц фæфылдæр æви нæ, уымæ. Уырдыгæй бацæуы анализты боксмæ. Бæрæг ын кæнынц йæ ад, тæф, хуыз, лакъондзинад. Дарддæр кæсынц йæ органикон æмæ минералон æууæлты — азот, нитриттæ æмæ æндæр буаргъæдты бæрцмæ. Уыцы куыст мах кæнæм æрвылбон..."

Бæгуыдæр, æхсызгон у, адæймаджы йæ царды ахсджиагдæр цы хъæуы, хæринагæй уæлдай, уыцы дон нын хæрзад, хæрзхъæд æмæ нæ фаг кæй у, уый. Фæлæ йæ хæдзардзинæй фæлхас кæй хъæуы, уый дæр дызæрдыггаг нæу. Нæ дарддæры ныхас дæр у уый фæдыл.

"Зондджын" прибортæ

Цæвиттон, Дзæуджыхъæуы стыр промышленнон куыстуæтты хардзгонд дон лæмбынæг нымайынæн нæ республикæйы донæй æфсадыны æмæ дон бауадзыны куыстуат райдыдта "зондджын" прибортæ æварын.

Абоны онг уал сæ сæвæрдтой завод "Дарьял"-ы, фæстæдæр та фæзындзысты куыстуæттæ "Бавари" æмæ "Винтрест-7"-ы.

Ахæм прибортæ сæвæрыны фæнд фæзынди, куыстуæттæ дон куыд хардз кæнынц, уый бæстон сбæрæг кæнгæйæ. Куыд базыдтой, афтæмæй уыцы куыстуæтты 70 проценты хардзгонд доны бæрц хыгъд нæ цыд. Ныр, æвæццæгæн, уавæр фендæрхуызон уыдзæн...

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Нысантæ

Уæрæсейы промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы советы уынаффæтæ

Ивгъуыд къуырийы кæрон Дзæуджыхъæуы уæрæх æмбырд уыд Уæрæсейы промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы цæгаткавказаг хайæдты минæварæртты иумæйаг æмбырд. Фембæлды архайджытæ бæстон æрдзырдтой Цæгат Кавказы федералон зылды дарддæры социалон-экономикон райрæзты фарстатыл, Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы архайды нысантыл.

Советы æмбырды архайдтой РЦИ-Аланийы Сæргъæвæджы **Сергей Меняйло**, Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг **Владимир Надыкто**, Уæрæсейы промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы президент **Александр Шохин**, егъау промышленнон æмæ амалхъомадон компаниты разамонджытæ æмæ специалисттæ.

Сергей Меняйло æмбырды архайджытæн зæрдиаг салам загъта Ирыстоны зæхх ыл.

— Æхсызгонæй мæ фæбæрæг кæнын фæнды, Уæрæсейы промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисимæ республикæйы æмгуыстад фидардæр кæй кæны, уый. Иумæйаг хъарутæй бирæ фæрныг проектты л бакусынвæнд кæнæм. Фыццаджы-фыццагдæр, нæ размæ хæс сæвæрдтам, цæмæй инвесторты архайдæн республикæйы хуыздæр фадæттæ уа. Уыимæ, сæрмагонд æргом здæхт цæуы чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады куыстуæтты архайд зынгæ фæхъомысджындæр кæнынæл. Æмæ нæ абоны фембæлд дæр уыцы нысантæ æмæ пълантæ цардмæ рауадзынæн ахъаз кæй фæуыдзæн, уыл мæ зæрдæ дарын, — бафиппайдта РЦИ-Аланийы Сæргъæвæджы.

Александр Шохин йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ныр дыккæгæм аз фæд-фæдыл Цæгат Ирыстон хаст æрцæуы, инвесторты архайдæн аккаг уавæртæ арæзт кæм цæуы, уыцы 15 раззагдæр регионы номхыгъдмæ. Уыцы æууæл, йæ ныхасмæ гæсгæ, дарддæры размæцыдæн хорз бындур æвæры.

— Нæ абоны æмбырд Дзæуджыхъæуы кæй арæзт кæм цæуы, уый фæдыл, — загъта Александр Шохин.

Боны фæткы фарстаты фæдыл йæ хъуыдытæ загъта Владимир Надыкто дæр. "Цалдæр азы размæ Уæрæсейы Президенты Цæгаткавказаг минæварад æмæ Уæрæсейы промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы фæндонæй федералон зылды кусын райдыдта сæрмагонд координацион къорд. Уыцы структурæйы уæнгтæ иумæйаг зæм, уый дæр бирæ цæуыл дæрты дзурæг у. Нæ ныхасмæ рахастам бирæ ахсджиаг экономикон фарстатæ, бирæвæрсыг инвестицион проекттæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй 2024 азы ахицæн уыдзæн фыццагдæр национ проекттæ æххæст кæныны æмгъуыд. Æмæ ныр йæ тæккæ афон у, цæмæй промышленниктæ æмæ амалхъомтæ сæ фæндæттæ бадæттой, уыцы азæй фæстæмæ национ проекттæ æмæ æндæр программæтæ цавæр фæткы бындурыл æххæстгонд хъомадон куыстуæттæн льготон кредиттæ дæттыны, стæй æндæр ахсджиаг фарстатæм. Координацион советы æмбырды бындурыл цы амыддзинæдтæ фидардгонд æрцыдысты, уыдон царды рауадзыныл æппæтвæрсыг архайд цæуыдзæн хицауады федералон æмæ регионалон структурæты æхху ысæй.

Координацион советы уæнгтæн фадат фæцис иуæй-иу цæгатирыстойнаг хъарутæй кусынц райрæзты дарддæры проекттыл, фæндæттæ бахæссынц промышленнон æмæ амалхъомадон компаниты архайд фæхъомысджындæр кæныны фæдыл. Ахæм фæткы бындурыл æмгуыстад кæндзыстæм амæй фæстæмæ дæр", — радзырдта Президенты минæвары хæдивæг.

Дарддæр хицауады органтæ æмæ бизнес-структурæты минæварæрттæ æркастысты федералон зылды регионты цымыдисагдæр экономикон проекттæм, промышленнон æмæ амалкуыстуæтты архайдимæ базонгæ уæвынæн дæр. Зæгъæм, республикæйы уазджытæ бабæрæг кодтой завод "Кристалл". Зындгонд куыд у, афтæмæй уым æрæджы ногæй байгом æрхуыйы куыстад. Уыцы хомагæй пайдагонд цæуы алыхуызон ахсджиаг радиоэлектронон аппаратурæ аразгæйæ. Заводы минæварæрттæ Александр Шохин æмæ Владимир Надыктойæн радзырдтой технологон процессы хицæндзинæдты тыхтæй.

СЛАНТЫ Аслан

Наукон конференци

Дарддæры социалон-экономикон райрæзты тыгъдад...

Хуссарирыстойнаг ахуыргæндтæ архайдтой, горæт Налцыччы цы дунеон наукон-практикон конференци арæзт æрцыд, уым. Зонадон форумы архайджытæ сæ хъуыдытæ загъытой æмæ докладтæ скодтой ахæм темæйыл: "Цæгаткавказаг горæттæ, куыд дарддæры социалон-экономикон райрæзт æмæ алы культурæты 'хсæн æмархайды тыгъдад".

Наукон мадзал арæзт æрцыд горæт Налцыччы 300 азы юбилейы кадæн.

Цхинвалæй конференцимæ абалц кодтой Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты Ирыстоны истори æмæ кавказиртасынады кафедрæйы разамонæг, республикæйы наукон-иртасæн институты этнологийы хайады хицау **Хъуылымбегты Роберт** æмæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты философийы кафедрæйы профессор, республикæйы наукон-иртасæн институты нырыккон историйы хайады хицау **Дзугаты Къоста**.

Фæстæдæр Хъуылымбегты Роберт журналисттæн куыд радзырдта, афтæмæй конференцийы программæ уыд хъæздыг æмæ бирæвæрсыг.

"Зæгъæм, Дзугаты Къоста конференцийы архайджыты размæ рахаста йæ доклад ахæм темæйыл: "Горæт-Хъæбатыр Цхинвал: йæ истори æмæ абон". Дзугайы-фырт бæстон æрлæууыд Ирыстоны нырыккон историйы цаутыл. Фембæлды архайджытæ йын стыр цымыдисдзинад равдыстой йæ наукон раиртæстмæ, уымæн æмæ XX-æм æнусы кæроны — XXI-æм æнусы райдайæны гæрзифтонг быцæу æмæ уыимæ баст цауты тыхтæй радзырдта, архайæг сæ чи уыд, уыцы адæймаг", — бафиппайдта Хъуылымбеджы-фырт.

Роберт йæхæдæг та йæ наукон куысты æрлæууыд, Цхинвалы горæтаг культурæ советон азты куыд рæзыд, цавæр бындуртæ æмæ национ æгъдæуттыл æнцой кодта, уыдæттыл.

Хуссар Ирыстоны минæварæртты хъуыдымæ гæсгæ, ахæм фембæлдтытæ æнгомдæр кæнынц алы бæстæтæ æмæ регионты ахуыргæндты бастдзинæдтæ, фадат дæттынц кæрæдзийы фæлтæрддзинад æмæ ног наукон раиртæстытимæ базонгæ уæвынæн.

Наукон-практикон конференцийы архайджытæ уыдысты Белоруссийы, Турчы, Узбекистан æмæ æндæр бæстæты минæварттæ.

(Информацион агентад "Рес")

Æрæфы районæй

Бæрæгбон — хистæр кары адæмæн

Хæзныдоны хистæр кары адæмæн сарæзтой бæрæгбон. Уый тыхтæй фехъусын кодта йæ саразæг СОСРАНТЫ Жаннæ.

"Ахæм мадзал саразыны хъуыды мæм рагæй уыди. Фæндыд мæ мæ райгуырæн хъæуы хистæр фæлтæры минæварæртты зæрдæ барухс кæнын. Бирæтæ дзы æддæмæ нал цæуынц, æмæ, зæгъын æмбæлы, сæ бинонты йеддæмæ никæй уынынц. Ацы хъуыддагыл архайын куы райдыдтон, уæд мæм телефонæй алы 'рдыгæй Хæзныдонæй рацæуæг амалхъом адæм дзырдтой æмæ се 'ххуысæй зæрдæ бавæрдтой. Хорз хъуыддаг куы аразай, уæд алцыдæр тынг æнцонæй рауайы", — радзырдта Сосранты Жаннæ.

Уазджыты 'хсæн уыдысты, 75 азæй фылдæр кæуыл цæуы, хъæуы уыцы цæрджытæ. Сæвæрдтой сын рæсугъд фынг, хистæртæй бирæтæ кæрæдзийы рагæй нал федтой æмæ зæрдæбын ныхæстæ фæкодтой, се 'рыгоны бонтæ æрымысыдысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, скодтой сын læвæрттæ дæр. Быцæрджытæ. Сæвæрдтой сын рæсугъд фынг, хистæртæй бирæтæ кæрæдзийы рагæй нал федтой æмæ зæрдæбын ныхæстæ фæнæттон скъолайы ахуырдзаутæ сын бацæттæ кодтой концерт, бакастысты æмдзæвгæтæ, равдыстой чысыл ныв тæ хистæрты цардæй. Æрæфы районы Ныхасы сæрдар Хуасдзауты Тазрет та радта Кады гæхæттытæ, мадзал саразынмæ Сосранты Жаннæмæ чи фæкаст, уыдонæн.

ГАПБАТЫ Алетæ

Ног куыстуæтты архайд

Уыдзыстæм цыхтимæ

Горæтгæрон районы кадджын уавæры байгом цыхтахсæн кооператив "Аланыстоны хæлц". Уый кусдзæн Ирыхъæуы, Плиты Грисы номыл уынджы 2-æм хæдзары. Цыхтытæ ахсын у хъæууон хæдзарады продукци кусыны кооперативы архайды къабæзтæй иу.

— Проекты аргъ слæууыд 20 милуан сомы. Уыдонæй 11,8 милуаны бахаста нæ республикæйы Хъæууон хæдзарады министрад.

Уыцы ахсджиаг цауы тыххæй ног куыстуаты коллективæн зæрдиаг арфæ ракодта министрады сæргъæвæджы хæдивæг **Тауаситы Алан**.

Кооперативы разамонæг **Цæгæраты Руслан** куыд загъта, афтæмæй дзы кусдзæн дæс адæймаджы, сæ мызд — 30 мин сомы. Иу уысмæн куыстуат бакусдзæн 2 тоннæйы æхсыр, иу суткæмæ та — 6 тоннæйы бæрц.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

"Халяль" æмæ хæрам æхца

Ганнибал Ромы кулдуары раз куы læууыд, уæд кулдуары фæйнæ фарс læуджытæ дыууæйæ дæр цъысымы бахаудысты. Ганнибал Ромæн загъта, аныхас, дам, кæнæм. Цæмæй Сенатмæ йæ фæндæттæ фæхæццæ уой, уый тыхтæй Роммæ арвыста дæс уацайраг легионеры. Уыдон хъуамæ Сенатæн фехъусын кодтаиккой Ганнибалы разæвæрдтæ, æмæ сæм уым куы не 'рыхъуыстаиккой, уæд хъуамæ легионертæ фæстæмæ Ганнибалмæ раздæхтаиккой. Уый тыхтæй сын ард бахæрын кодтой, уыцы заман та ахæм ард юридикон гæхтæтты æмсæр уыди. Фæлæ Сенат уыцы разæвæрдтимæ куы не сразы, уæд уацайраг легионертæ сæ ардбахæрд фехæлдтой, фæстæмæ Ганнибалмæ нæ фæтагъд кодтой.

Ардбахæрд фехалыны тыхтæй Сенат тынг бафхæрдта легионерты, ард бахæрды сæрты ахизынмæ дзы гæды ми чи бакодта, ууыл дæр нæ бацауæрстой. Уый, лагерæй иннæтимæ рацæугæйæ, фæстæмæ раздæхт, цыма лагеры цыдæр дзаума ферох кодта, уый æфсонæй. Уый фæстæ, лагерæй рацæугæйæ, банымадта, ардбахæрдæй феуæгъд ис, уымæн æмæ, ард бахордта, фæстæмæ æрбаздæхдзынæн, зæгъгæ.

Цицерон, Сенаты тæрхонæн аргъ кæнгæйæ, растыл банымадта, сенаторты логикæ, дам, рæстад у, гæды ми чи бакодта, уый дæр æфхæрд кæй байдæфта, уый тыхтæй, уымæн æмæ, дзырд ардбахæрдыл куы цæуа, уæд хъуыды кæнын хъæуы ныхæстыл нæ, фæлæ фæндтыл. Алы дуджы дæр-иу адæм æрхъуыды кодтой цыдæр хиндзинæдтæ закъон кæнæ бадзырдтæ фехалынмæ, фæлæ-иу æдде бакæсгæйæ, сайд бæрæг куыд нæ уыдаид. Зæгъæм, дыууæ хæцæг фарсы-иу 30 боны æмгъуыдмæ баныхас кодтой рæстæгмæйы фидыдыл, фæлæ-иу æхсæвыгон сæ иу ныббырста æмæ-иу уый фæстæ йæхи раст кодта, æхсæвы ныббырсты тыхтæй, дам, рæстæгмæйы фидыды бадзырды ницы загъд уыдис.

Арæх сайд вæйыы базарадон куысты дæр. Ведæты загъд ис, уæйгæнæджы зонд, дам, калмы фæдау гакъонмакъон у. Кæддæр, патриархалон рæстæджыты конд æрцыдысты, уæй кæныны æмæ æлхæныны хъуыддаджы сайын кæй не 'мбæлы, уый тыхтæй уагæвæрдтæ. Библийы (Левит: 19) загъд ис: "Ма кæнут мæнгдзинад тæрхондоны бæрцы, уæзы æмæ барыны: уадз æмæ уæ тæраз раст уа, уæ гиритæ раст уой". Хъуыраны, 83-æм сурæйы ссардзыстæм ахæм развæдзæхст: "...Мæгуырбон, баргæйæ чи сайы, æмæ йын йæ аргъ æххæстæй чи исы, уыдонył". Æмбисонд дæр уый тыхтæй зæгъы: "Аргъ — дæхицæй, барæн тæраз та — паддзахæй".

Супермаркетты уыцы принциптыл фидар хæцынц. Æлхæнæг кæд килæ дзидза балхæдта, уæд килæ райсдзæн. Аргъ æлхæнæгæн, чи зоны, йæ зæрдæмæ ма фæцæуа, фæлæ йæ сайгæ нæ акæндзысты, сбардзысты йæ, куыд æмбæлы, афтæ. Æлхæнджытæ разы нæ вæйыынц, сæ тыхтоны килæйы бæсты 800-850-900 граммы куы разыны, уæд. Фæлæ уый сайд нæу, уымæн æмæ тыхтоныл фыст ис, цæйыас у æмæ йæ уæз цас у, уый. Зынаргъ кæй у, уымæн та объективон аххосæгтæ ис, стæй хынцын хъæуы уый дæр, æмæ дуканитæ уыцы дзидза фыццаг æлхæнгæ бакæнынц, стæй та — уæй. Инфляци дæр йæ куыст кæны, иу ран нæ læууы — рæзы. Базармæ бацу — æмæ иу аргъ, цалынмæ æддæмæ цæуай, уæдмæ йæ фæбæрзонддæр кæнынц.

Иу хатт дæр ма зæгъæм — дуканигæс товар сбары, æмæ дзы сайдæн йæ кой дæр нæй — ахæм уæйыагæй райст æхца сыгъдæг у. Пысылмон терминологийæ дзургæйæ, уый у халяль. Ахæм æхцайæ хадзы кæнынмæ ацæуын дæр æмбæлы, уымæн æмæ хæрам не сты. Ацы ныхæстæ хауынц супермаркеттæм, иннæ стыр дуканитæм.

Фæлæ базары чи уæй кæны, уыдонмæ бынтон æндæр уагæвæрд ис. Уæхи зæрдæ — уе 'вдисæн, базары уæйгæнджытæ бирæ хиндзинæдтæй пайда кæнынц. Рагон ромаг легионерау, уыдон дæр архайынц æдде бакæсгæйæ базарады уагæвæрдтæ æххæст кæнынył, фæлæ сæ æцæгдзинадæй та сæ къахы бын акæнынц. Ис сæм электронон тæраз, барæнтæ, æмæ сын сæ раст барынад, чи зоны, æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ исчи сбæрæг кæны. Фæлæ цы пайда ис сæ раст барынадæй, кæд æмæ йæ æлхæнæджы цæстыты разæй дæрддзæфгомау, стæй ма сæ, сæ фыст нæм куыд нæ зына, афтæ цæхгæрмæ сæвæрынц — уый та бæлвырд у, æлхæнæг кæй ницы фендзæн æмæ йын æндæр гæнæн нал ис, æрмæстдæр ма уæйгæнæджы сомыйыл бауæндын, уæлдайдæр — йæ мадæй куы расомы кæна, сайгæ дæ, абабау, нæ кæнын, куы зæгъа, уæд. Раздæр-иу базарты уыдис, "контролон тæраз", ныр никæцæйуал зыны. Ахæм базарадæй цы 'хца райсынц, уыдоныл тæригъæд ис. Уыцы 'хцайыл хадзы кæнынмæ нæ ацæуæдзынæ, уымæн æмæ хæрам сты.

Юрий ПЕТРОСОВ,
æхсæнадон уацхæссæг

Не ‘мдугонтæ

Куыстмæ — хъæлдзæгæй

Кæстæр фæлтæрæн ног дуджы гæнæнты дуар зæрдиагæй гом кæны фæсивæды инновацион аивады центр FABLAB ALANIA. Ам йе специалисттæ робототехникæ, компьютертимæ куыст æмæ æндæр аивадон-техникон ногдзинæдтæм цымыдис кæнынц Ирыстоны сывæллæтты. Цы хуызы цæуы центры куыст æмæ, зæрдиагæй цæуыл архайынц, уый тыххæй нын радзырдта центры сæргъæууæг ГÆБÆРАТЫ Кристинæ.

Фæсивæды инновацион аивады центры сæ хъус дарынц технологион ногдзинæдтæм æмæ кусынц, цæмæй наукæ æмæ инженери сывæллæттæн уой æнцон æмбарæн, сæ зæрдæтæ та сæ райой. Центрмæ чифæнды куы 'рбацæуа, уæддæр ын баххуыс кæндзысты, цæмæй йæ цард фæхъæлдзæгдæр уа, зæгъынц кусджытæ сæхæдæг.

— Мах специалисттæ, нæ ахуырдзаутимæ стæм стыр æмæ лымæн бинонты хуызæн. Мæхæдæг дæр стыр бинонты ‘хсæн схъомыл дæн, æмæ уым цы лымæндзинадыл сахуыр дæр, уый хæссын мæ куыстуатмæ. Нæ архайды сæйраг нысан у сывæллоны сраз æнгард кæнын наукæ æмæ техникæмæ. Æз фæдæн ЦИПУ-йы математикæ æмæ компьютерон технологиты факультет, магистратурæйы та — фæсивæдимæ куысты хайад. Центры сæргъæууæгæй уæлдай дæн робототехникæйы амонæг, — радзырдта Кристинæ.

Æрыгон чызг йæ сабибонтæй фæстæмæ райдыдта йæ фыды гаражы архайын. Йæхæдæг мысы, куыд æххуыс кодта йæ фыдæн, куыд-иу равзæрста цавæрдæр техникон дзаумæттæ, сæ куыст-иу сын куыд сраст кодта, сахатæй райдай æмæ компьютерæй фæу.

Абон FABLAB ALANIA архайы алыхуызон республикон бæрæгбæтты. Сывæллæттæн арæзт æрцæуынц гом интерактивон фæзтæ, уымæй уæлдай, центр расиды гом уроктæ æмæ лекцитæ.

— Нæ центры курсытæй уæлдай, мах архайæм нæ ахуырдзауты портфолиойыл, уымæн æмæ уыдон уæлдæр ахуырад райсынмæ ацæуынц æндæр сахартæм. Архайæм, цæмæй сын уа сæхи проекттæ.

Кристинæ куыд зæгъы, афтæмæй алы адæймаг дæр хъуамæ ссара йæ уарзон дæсныйад. Уæд йæ куыст уыдзæн удæнцой, ахадгæ, бирæ æхца та амондджын нырма никæй скодта.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Дугты бастдзинад

Уæлахиз уæд нæ зынаргъ Ирыстон!

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргъæууæг Сергей Меняйлойы Указмæ гæсгæ 2023 аз нымад æрцыд ”Нартиадæйы азыл”. Адæм кад кæнынц, ирæттæ сæ сæртæ бæрзонд кæмæй хæссынц, уыцы ”Нарты кадджытæн”. Газет ”Рæстдзинад”-ы редактор Хозиты Барис куыд фыссы, афтæмæй ацы чиныг у ”Ирон адæмы цæугæ энциклопеди”. Абайты Васо та йæ схуыдта адæмы поэтикон истори.

Нартмæ хорз миниуджытæ бирæ уыд. Дзæгъæлыиу нæ дзырдтой ирон адæм "нæртон лæг", "нæртон хорз", "нæртон хъæбатыр"... Нартæ уыдысты хъæбатыр, хæрзарæхст, сæ бæстыл цьиу тæхын дæр нæ уагътой, мæлæтыл-иу разы уыдысты, цæйнæфæлтау знаджы сæ зæхмæ бауадзой. Тæккæ лæгдæрæй кадджыты æвдыст цæуы Батрадз. Хæсты-иу куы бацыдысты, уæд ын уыдис æрмæстæр иу нысан — уæлахиз. Нарт стыр аргъ кодтой лæджы зондæн, æрхъуыдымæ дæсны чи уыд, уыдонæн, уыцы миниуджытæн абон дæр ис стыр кад, абон дæр нæ æхсызгонæй хъæуынц. Нарт сæ сæртæ дæлæмæ нæ уагътой, суанг Хуыцауы раз дæр. Хъуамæ сæрызондæй дæр æмæ хъаруйæ дæр æххæст уа ирон лæг.

Цард бирæ уарзтой, аргъ ын кодтой æмæ-иу йæ сæрыл мæлæтмæ бацыдысты. Знагимæ хæцын бахъуыди, зæгъгæ, уæд-иу сæ тарст цыдæр фæци, фæлæ-иу хæст куы фæци, уæд-иу цардæн йæ гуылфæнты аныгъуылдысты, уæд-иу сæ рæстæг æрвыстой кафты фæзы, куывдты, фат æмæ 'рдын, дур æхсынæй æмæ алы æндæр хъæзтыты.

Нарты рагон фыдæл уыдис Уæрхæг, уыдис ын дыууæ фырты, Æхсар æмæ Æхсæртæг. Ничи сæ раиртæстаид, кæрæдзи цæрмыстыгъд бакодтой.

Нарты кадджытæй уæд та иу цалдæр скъуыддзаджы чи нæ зоны, æвæццæгæн, ахæм ирон адæймаг нæ разындзæн.

Уырызмæг — нарты цытджын хистæр у, зонджын, фæлмæн, фæлмаст, хиуылхæцгæ нæлгоймаг, уыдис фендджын æмæ æгъдауыл хæст. Нарты адæм ын кодтой стыр аргъ.

Хæмыц — Уырызмæджы кæстæр æфсымæр, се 'хсæн иумæйагæй ницы ис. Ирон царды дæр æфсымæртæй иу рауайы "магусайæ — цæлуарзаг" — Хæмыц дæр ахæм уыд.

Сослан — æндон, хъæбатыр. Йæ хъæбатырдзинад, йæ тых, йæ хъару кæм нал фаг кодтой, уым-иу хиндзинадæй йæхицæн скодта хотых. Алцæмæ дæр ныфсхаст уыд.

Сырдон та у фыддзинад хæссæг. Нарты 'хсæн фыдбылызæй цы уыд, уыдон цыдысты Сырдоны аххосæй, фæлæ, цасфæнды куы ахæсса фыддзинад, уæддæр æй рæстдзинад басæтты. Сырдон фæндыр кæй æрхъуыды кодта æмæ йæ Нартæн кæй балæвар кодта, уый уыд стыр хъуыддаг.

Цал æмæ цал хатты æркæсы адæймаг уыцы чиныгмæ æмæ дзы алы хатт дæр ссары йæхицæн ногдзинæдтæ. Зæгъын мæ фæнды нæртон адæмы фæдонтæ, царды уагмæ кæсгæйæ, кæй фæзмынц сæ нæртон хистæрты, æмæ ирон кад уæлдæрæй-уæлдæр исынц.

Мæнæ нæхи Къостайы райсæм! Къоста кæд æндæр дуджы фыссæг уыди, уæддæр йе сфæлдыстады ахадындзинад бирæ у мах заманы дæр. Йæ "зæрдæйы сагъæстæ", йæ поэтикон скъола вазыгджын сты абон дæр:

Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин,
Арвмæ куы хъуысид мæ фæндыры хъазт, —
Дунеты се 'ппæт мæхимæ æрхонин,
Радзурин сын уæд мæ зæрдæйы маст.

Къоста уарзта æппæт дунейы цæрджыты дæр. Махæн, Ирыстонæн, та у цырагъдар, рæвдауæндæтты, скъолаты, алы кары адæймаг дæр дзы ссары удæнцой æмæ сæрыстырдзинад йе сфæлдыстадон куыстыты. Ахæм адæймаг кæй схъомыл Иры зæххыл, уымæй бузныг не Сфæлдисæгæн.

Нарты кадджытæ куы кæсай, уæд цæстытыл ауайынц нæ нæлгоймаг фæсивæд æмæ æрыгон чызджытæ. Цы хъæбатырæй тох кодтой уыдон æмæ кæцы хæсты нæ уыдысты нæ ирон хъайтартæ! Рахизфарсы районæй хæсты цæхæры бирæтæ равдыстой диссаджы хъæбатырдзинад. Уыдонæй иу — Дауыраты Илитæ. Фыстой йыл æмдзæвгæтæ, скодтой йыл зарджытæ, уыдис æм бирæ хæрзиуджытæ. Ныгæд у Дзæуджыхъæуы Намысы аллейы.

Ирон фæсивæд æгаддзинад сæ сæрмæ никуы æрхастой, знаджы ныхмæ кæм лæууыдысты, уым-иу сыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Дунейы диссагæн баззад Плиты Иссæ, знаг ын йæ койæ дæр æмризæджы рызтис. Иннæ ахæм — Хъантемыраты цирчы бæхтылхъазт дисы æфтыдта адæмы. Къæрццæмдзæгъд сын кодтой Францы, Данийы, Норвегийы, Швецийы, Испанийы, Канадæйы æмæ æндæр рæтты. Дæрдтыл айхъуыст сæ кад, ныфс, æфсармдзинад æмæ хиуылхæцыны æгъдау.

Плиты Иссæйы тыххæй ис бирæ фыссæн. Йæ бирæ хæрзиуджытыл ма æрæджы иу хорздзинад бафтыдис — йæ райгуырæн хъæу Зæронд Бæтæхъойы йын сæвæрдтой йе 'мхъæуккаг хъæбатыртимæ номарæн цыртытæ. Адæм сæм уынынмæ цæуынц æмæ сæ дисы бафтауы иу хъуыды: ахæм чысыл хъæуæй æртæ адæмы хорздзинадмæ чи бæллыд, уыдон — Иры хъæбултæ. Раст Нарты уæйгуыты хуызæн.

Ныртæккæ зындгонд дирижер, Мариинаг театры симфонион оркестры разамонæг Гергиты Валерийы а зæххыл кæм нæ зонынц, ахæм нæй, хонынц æй алы бæстæтæм, фæлæ йæ зæрдæ баст у Ирыстонимæ. Æрæджы йыл сæхæст 70 азы, æмæ йын йе стыр лæвæртты 'хсæн æппæты зынаргъдæр у, Ирыстоны йын цы кад ис, уый. Ирон культурæйы зындгонд у Махъоты Ацæмæз. Йæ фыст симфонитæ ссардтой аккаг бынат, музыкæ чи уарзы, уыдоны зæрдæты. Музыкæ райхалы адæймаджы уды уидæгтæ, суанг ма йæ концертты кæугæ дæр фæкæнынц. Йæ музыкæ у национ æмæ хæдбындур. Беслæны цы музыкалон скъола аразынц, уый та хæсдзæнис йæ ном.

Уæдæ чи нæ зоны Уататы Бибойы. Ироны ном сыгъдæгзæрдæйæ фæхаста. Схорзæхджын æй кодтой титул "Национальное достояние России", Хетæгкаты Къостайы номыл премийæ. Ахъазыд 38 киноныв.

Дудараты Вероникæ — хъуыстгонд дирижер. Адырхаты Светланæ — зындгонд балеринæ.

Чи фæуыдзæн нымад нæ хъуыстгонд адæмы, фæлæ мæн фæнды зæгъын, ирон адæм, хиуылхæцгæ, дæрдтыл хъуыдыгæнæг кæй сты, уый.

Дуне кæуыл ныррызти, уыцы терактыл бирæ уыдис фыстытæ, фæлæ йын кæрон нæма ис. Мæнмæ гæсгæ, æндæр адæмыхатт уыцы хъизæмæрттæн нæ бафæрæзтаиккой, фæлæ та уым дæр нæ нæртон туг бабыхсыд. Сæ нанатæ æмæ бабатæ, сæ хиуæттæй бирæтæ нæ бафæрæзтой æмæ цыбыр рæстæгмæ ацыдысты сæ зынаргъ хъæбулты фæдыл. Уæдæй нырмæ нæ районы зианы кой йеддæмæ ницы ис. Фæлæ цæй фæразон у ирон сылгоймаг, бирæтæ сæхимæ хъусынмæ нæ фесты, фæлæ ныфсджынæй царды уæлхъус ногæй балæууыдысты, рауагътой цот, аразынц сæ цард, æмæ хъуысы сабиты худын æмæ цин. Цы ма уа уымæй зынаргъдæр? Ам дæр та ирон адæм равдыстой, цардбæллон кæй сты, уый.

Фæлæ нæ рох кæнынц, зындоны æртæ боны семæ чи тухи кодта, уыдоны нæмттæ дæр. Беслæн дæр, куыд æппæт Ирыстон, у бирæнацион. Ныр дæр нæу рох Иван Канидийы ном. Теракты размæ йын йæ фырттæ загътой, æгæр ацæргæ дæ æмæ ныууадз дæ куыст. "Ау, уый та куыд, æз æнæ сывæллæттæ, уыдон та æнæ мæн!" Теракты бон сæ мидæмæ куы тардтой, уæд ын террористтæй иу афтæ: "Ды сæрибар дæ, зæронд, ацу!" "Æз ме скъоладзаутимæ цæуын, — загъта уый, — стæй фæстæмæ дæр уыдонимæ рацæудзынæн". Хъыгагæн, фæстæмæ нал рацыд, йæ цард радта йæ ахуырдзауты сæраппонд, фæмард патриотæй. Хорз зыдта ирон адæмы æгъдæуттæ æмæ сæ æххæст дæр кодта. "Ирон адæм сты тынг размæцыд" — дзырдта-иу уый. Йæ ном ын радтой ног арæзт скъолайæн, æмæ дзы йæ фырт кусы директорæй.

Йæ бинонты фылдæр хай баззадысты уыцы зындоны нæ районы сæрдар Фрайты Сосланæн дæр. Хъуыстгонд спортсмен, хъайтар адæймаг, арф бамбæхста йæ маст, йæ рыст æмæ алы адæймагмæ дæр мидбылхудгæйæ, зæрдæхæларæй ракæсы. Хъомыл кæны æртæ хъæбулы. Æз æй бæргæ æмбарын, рыст куыд зын у, фæлæ уый хъуыды кæны, фылдæр рыст чи бавзæрста, уыдоныл.

Уыцы лæгмартæ цы митæ кодтой, уыдон адæмæн фæдзурын — ахæм хæс сæхимæ райстой æмæ йæ сæххæст кодтой Къæбойты Мурат, Цæлыккаты Феликс æмæ Баскаты Эльзæ. Уыдис сæм нæртон миниуджытæ. Рæстдзинад агургæйæ, Беслæны мадæлты комитетæн уыдысты сæ фарсмæ.

Царды ахæм къабаз нæй, æмæ ирæттæ фæстæзад сæ сæрмæ кæм æрхæссой. Куыд уынæм, афтæмæй нарты адæмæн дæр, алантæн дæр мах стæм аккаг фæдонтæ.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй, зæххыл цы стырдæр хæстытæ цыдис, уым раззæгты 'хсæн уыдысты ирæттæ. Ныр дæр ма агурынц, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ цард чи радта, уыдоны ингæнтæ. Чи сты, уый бæрæг кæнынц æмæ сæ кадимæ æрвитынц се 'цæг дунемæ.

Хъыгагæн, æнæ 'рхъуыдыйæ баззадысты "хæсты сывæллæттæ". Бирæ автортæ фыстой, зæгъгæ, фæсчъылдымы чи архайдта, уыдонæн дæр сæ цард æнцондæр нæ уыд. Бирæ хъизæмæрттæ бавзæрстой, æмæ сыл нæдæр дзурæг ис, нæдæр хъуыдыгæнæг. Кæд нæхи нæртонтæ æмæ алантæ хонæм, уæд уыцы фарстамæ дæр цæст æрдарын хъæуы.

ЦЫЫККАТЫ Зарæ, æхсæнадон уацхæссæг Беслæн

“Нарты куывд” ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв

Ахудынæн

Сæр

Саухалы хæрæфырт Азæйыл цавæрдæр лæппу дзуры, фæлæ йын чызг нæ комы.

— Ахæм хивæнд чызг никæмæ уыдзæн. Йæ къæхтæ ныццавта "нæ", зæгъгæ, — хъаст кæны чызджы мад Саухалæн.

— Лæппу цы кусæг у? — фæрсы Саухал.

— Йæхицæн, дам, дзулфыцæн ис...

— Уæдæ йæм уæд æхца дæр хъуамæ бирæ уа?

— Ис, дам, æм дзы...

— Мæ хо, куыд кæсын, афтæмæй дæ чызджы фенамонд кæнынмæ хъавыс. Æнхъæл дæн, дæхи дын мах уæй нæ акодтам Къæбултæм.

Азæ Саухалы ныхæстæ фехъуыста, æрбазгъордта æмæ йыл ныттыхст.

— Мæ рæсугъд хæрæфырт, цавæрдæр сæрæн лæппу, дам, дæ куы куры, уæд ын цæуылнæ комыс? — Саухал чызджы дзыккутæ адаудта.

Чызг йæ сау рæсугъд цæстытыл даргъ цæстыхаутæ æруагъта æмæ зæхмæ ныккаст:

— Нарты Уырызмæг дæр ма дзы лæппу... Зæронд хъебре у, зæронд...

— Фæлæуу-ма, фæлæуу, мæ гыкъына, æмæ йын йæ сæрæн не сфыцынæй тæрсыс? — бахудти Саухал, — ногираг арахъимæ дойнаг дуртæ дæр сфыцдзысты!

СЛАНТЫ Руслан

Бакæс æмæ базон

Александр Македонский 16 азы дæргъы цы хæстыты архайдта, уыдонæй иу ран дæр састы бынаты нæ баззад, фæлæ амард тæфсæгæй 32-аздзыдæй.

***

Ныртæккæ зæхх ы къорийыл цы авиакомпанитæ ис, уыдонæн се 'ппæты рагондæр у Голландийы Къаролады авиакомпани, бындур ын сæвæрдтой 1919 азы 7 октябры.

***

Вирджинийы национ паркмæ цæстдарæг Рой Салливаны арв æрцавта 7 хатты, фæлæ æгасæй баззад.

***

Æппæты стырдæр нас (741 кг) 1998 азы æрзайын кодта америкаг зæхкусæг Крис Стивенс.

(“Рæстдзинад”-ы архивæй)

Газеткæсджыты сфæлдыстад

ЕЗЕТЫ Марклен

Дзбойты Михалæн

Цæуынц, тæхынц кæрæдзи фæдыл азтæ...
Уæндонæй царды къахдзæфтæ кæныс!
Фæрнæй фылдæр кæнæнт дæ юбилейтæ...
Ныфсимæ ды дæ фидæнмæ кæсыс!

Æвзонг азты нæ къахызмæлд уыд иу ран, —
Уæдæй нырмæ хæлардзинад хæссæм.
Уым — Урсдоны сыгъдæг уылæнтæ... Скъола...
Уæды рæстæг мах диссагæн мысæм...

Тылди нæ царды алкæй цалх йæ зылдæй, —
Фæйнæрæтты фæндæгтыл уыд нæ цыд,
Фæлæ, уæддæр хæлардзинад нæ фехæлд, —
Кæддæр-уæддæр та иу ранмæ æрцыд.

Хъысмæты фæндæй иу "уæрдоны" бадæм,
Æмæ та ам нæ къахы айст ысиу.
Æмхъæуккæгтæ, хæстæджытæ, сыхæгтæ,
Нæ куыст, нæ цин, нæ зын дæр — иу.

Дæсны къухтæ, фæлтæрд нывгæнæг-скульптор, —
Дæ хорз куыстытæй сырæзыд дæ кад!
Зындгонд — дæ ном, дæ аивад, дæ архайд...
Дæ "чи"-тæ дын кæд фæуин, кæд, нымад?..

Дæ равдысты куыстытæ нын — æвдисæн:
Ды бахæссыс дæ фæлгонцтæм дæ хъарм;
Дæ алы куыст дæр — алкæмæн æмбæрстгонд;
Бæрæг — дæ уды хъæр; бæрæг — дæ арм.

Дзыллæтæ 'рцæудзысты дæ юбилеймæ...
Сæ раныхас, сæ арфæты — сæ цин.
Лæвæрттæ дын — чи — куыд, чи — цы — кæндзысты...
Сæйраг лæвар — сæ цæстæнгас — дæ цин!

Ныр, дам, дæ куыстыты рæнхъæй хуыздæртæ:
"Чермен", "Æфсати"... райгас сты æваст...
Æрцæуиккой дæ юбилеймæ абон...
Сæ арфæтæ — лæвæрттимæ æмбаст.

Черменæй дын уæлæмхасæн лæварæн —
Æгæрон хъару, стыр ныфсхаст, рæстад;
Æфсатийæ — дæ бæрæгбоны фынгмæ —
Æвзаргæ кусæрттаг — йæ нарддæр саг.

Æз дæр зæгъын мæ арфæтæ цыбырæй:
Æнæниз 'мæ зæрдæрухс алкæд у!
Дæ хорз, рæсугъд фæндтæ дæ къухы бафтæнт!
Фæрнæй дæ бирæ юбилейтæм цу!

Лæварæн та — мæ ацы фыст рæнхъытæ.
Хуыздæр исты нæ сарæхстæн æваст...
Рæстæджы цалх æнæрынцойæ зилдзæн...
Дæ радон юбилейтæм — ныр мæ каст!

ÆЛБОРТЫ Беллæ

Ризæг

Уазал фæззыгон дымгæмæ
Баризы бæрзы сыфтæр.
Куыд дардта цъæх-цъæхид-иу сæрды —
Цы ма уыди уымæй хуыздæр.

Къалиу йæ удылхæцæгыл,
Хæрзчысыл цæст ма йæ уындзæн,
Стæй уæд пæр-пæргæнгæ дардæй
Гæлæбуйау махмæ зындзæн.

Ризынц мæ былтæ цæмæндæр,
Фæлæ нæ зонын, цæмæн.
Дæ фæлгъуызтæй, фæззæг, ыскодтай
Ды кæд мæ удæн кæлæн.

Кæрæдзиуыл, цыма, нæ хæцынц,
Нал кæнынц уыйау æнгом.
Уайы мæ хъустыл, куыд дзурынц
Сусæг-æргомæй, дæ ном.

Тас, цыма, бацыд мæ уды,
Баризын уыйау æз дæр.
Дымгæйæн скъæфын нæ комы
Къалиуæй бæрзы сыфтæр.

Хатгай мæм афтæ фæкæсы,
Нал дæн, цыма, æз цæрдуд.
Ды зæрдæйæ куы 'нкъарис,
Уарзтæй куыд ризы мæ уд!

Дала фæндыр та æристон,
Абон мын удæнцой нæй,
Ме 'нгуылдзтæ ризынц йæ тæнтыл, —
Дарддæр цы фæнд уæм и, цæй?

Уад ын йæ хъæлæс ысуагъта,
Зарæг лымæн ын кæм нæу,
Уадз æмæ хъуыса йæ зæлтæй,
Бирæ кæй уарзын æз дæу!..

КОКОЙТЫ Махар

Кæстæрты зарæг

Хистæртæ буц ысты кæстæртæй,
Сидт дæр сæм ауадзут.
Ацы бæркадджын нæртон фынгæй
Иууылдæр саходут.
Уе уæнгты хъазæд ирондзинад,
Мысут уæ фыдæлты,
Равдисут тохы сæрæндзинад,
Царды цы нæ вæйиы?!
Фæндыр ныззарæд йæ хъæлæсæй,
Фæсивæд ракафæнт.
Ноггуырды рахæссут авдæнæй,
Уый дæр сæм бахуда
Мады-Майрæм дæр ныл аудæд, —
Гуырæд сывæллæттæ
Иры сæрæн адæм ма цудæнт,
Уæнт-иу Бола-гуырдтæ.

Нозт

Чидæр нæ лæппутæй баныз та,
Нал зыдта дзурын æппын.
Фæндаг йæ хæдзармæ нал ардта
Æмæ йæ бахъуыд кæнын.
Бинонтæ катайы бахаудтой,
Ма кæнæд хыл æмæ хъæр.
Уыдон æй хуыссæнмæ бахастой
Æмæ æрфынæй кæддæр,
Нозт, дам, кæнæгæн куы нæ бары,
Уæд ыл цы кæнæм хæлоф?!
Уыцы æмбисонд кæмæ хъары,
Уый йыл нæ вæйиы кæрæф.

Спортивон фидиуæг



Фехтовани

Рæсугъд уыд чызджытæн сæ архайд

Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны Дзæуджыхъæуы Хæдарцаты Асланы номыл уынджы цы Спортивон-цæттæгæнæн центр ис, уым фехтованийæ цыдысты Олимпиаг хъæзтыты æртæ хатты фæуæлахизуæвæг, Советон Цæдисы спорты сгуыхт мастер Галинæ ГОРОХОВАЙЫ номыл турниры ерыстæ.

Номдзыд рапиристкæ Галинæ Горохова йæ фыццаг Олимпиаг хъæзтыты сыгъзæрин майдан рамбылдта 1960 азы Римы. Уый фæстæ ма Галинæ Евгенийы чызг фæуæлахиз, 1968 азы Мехикойы цы хъæзтыты цыдысты, уым, йæ æртыккаг сыгъзæрин майданæй та хорзæхджын ссис 1972 азы Мюнхены цæуæг Олимпиаг хъæзтыты.

Ирыстоны йæ номыл ацы æппæтуæрæсеон турнир арæзт æрцыд фондз азы размæ æмæ азæй-азмæ кæны уынджындæр. Турниры шпагæ æмæ рапирæйæ ерыс кодтой, 21 азы онг кæуыл цыди, ахæм чызджытæ. Уæрæсейы цыппæрдæс регионæй уæлдай ма сæ арæхстдзинад æвдыстой Сомих æмæ Беларусы минæвæрттæ.

Ерыстæ бæрæгбонхуызы гом кæныны мадзалы уыдысты: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, Уæрæсейы Олимпиаг комитеты президент Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау **Станислав Поздняков**, Советон Цæдисы спорты сгуыхт мастер Галинæ Горохова, РЦИ-Аланийы физкультурæ æмæ спорты министр **Гæззаты Юри**, Уæрæсейы спортсменты Иугонды президент, Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау **Давид Мусульбес**, Олимпиаг хъæзтыты æмæ дунейы чемпионтæ: **Санаты Аидæ, Рæмонты Сослан, Сидахъаты Зауырбег, Евгения Ломанова, Татьянæ Логунова**.

Тускъаты Таймураз йæ раныхасы зæрдиаг арфæ ракодта турнирмæ æрбацæуæг кадджын уазджытæ æмæ ерысты архайджытæн.

Олимпиаг хъæзтыты æртæ хатты уæлахиздзау, дунейы фараст хатты чемпион Галинæ Горохова йæ арфæйы ныхасы бахахх кодта, Ирыстонмæ кæдфæнды дæр зæрдырайæ кæй фæтырны ссæуынмæ: "Ам мæнæн ис бирæ æрдхæрдтæ. Рагæй лымæн стæм **Дзæхаты Зæирæ, Людмилæ Щербич, Къадзты Фиалæ** æмæ сæ иннæ æмбæлттимæ. Ирыстоны фехтованийы скъола нæ бæстæйæн радта къорд амæй-ай спорты зындгонддæр стыр дæсныты, æмæ уын мæ зæрдæ зæгъы ног стыр уæлахизтæ".

Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау, дунейы æртæ хатты чемпион Станислав Поздняков Уæрæсейы Олимпиаг комитеты номæй зæрдиаг арфæтæ ракодта ерысты архайджытæ æмæ спортуарзджытæн. Станислав Алексейы фырт бахахх кодта, ныртæккæйы уавæрты ахæм ерысты ахадындзинад æрыгон спортсментæн стыр ахъаз кæй у, уый.

Ерыстæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Фыццаг бон, 7 октябры, тохы бацыдысты шпагæйæ хæцæг 100 чызджы. Уыдоны ерысы уæлдай æнтыстджындæр рауадысты Мæскуы æмæ Мæскуыйы облæсты минæвæрттæ.

Мæскуыйаг чызджытæ цыппарæй рацыдысты æрдæгкæронбæттæнмæ æмæ бацахстой 1-3-аг бынæттæ.

Тынг цымыдисаг уыдысты æрдæгкæронбæттæн æмæ кæронбæттæны тохтæ. Æппынфæстаг 1-аг бынат бацахсыныл тохы фембæлдысты **Екатеринæ Колбенева** æмæ **Галинæ Крымова**. Сæ фембæлды фыццаг размæ рацыд Колбенева. Уый æмбылдта 7:2 хыгъдæй, фæлæ йæ ныхмæлæууæг куыдфæстæмæ тохы цыд сæмхуызон кодта æмæ хыгъд ссис 14:14. Ацы уавæры фæстаг, уæлахизхæссæгræхуыст ныккæнын бантыст **Екатеринæ Колбеневайæн,** æмæ уый ссис турниры уæлахиздзау. Йæ уæлахизы тыххæй Екатеринæ загъта: "Æнцон нæ уыд ахæм ерысты фыццаг бынат бацахсын. Уæлдай хъазуатондæр рауад кæронбæттæны тох. Чи зоны, мæн бахъыгдардта, нæ фембæлды райдайæны стыр хыгъдæй кæй æмбылдтон, уый, æмæ мæ ныхмæлæууæг уымæй иттæг хорз спайда кодта. Мæ ацы рæдыдæй скæндзынæн раст хатдзæг æмæ тырндзынæн мæ сæйраг нысан — Олимпиаг хъæзтыты архайынмæ. Мах тынг бузныг стæм нæ фысымтæй.

Ирыстоны нын арæзт æрцыд æппæт уавæртæ дæр æмæ ардæм кæдфæнды дæр цæудзыстæм зæрдиагæй".

Къаддæр цымыдисагдæр нæ уыдысты рапирæйæ хæцæг чызджыты ерыстæ. Ацы тохты уæлдай арæхстджындæр уыдысты Курскы облæсты спортсменкæтæ. Курскаг рапиристкæтæ бацахстой æппæт призон бынæттæ дæр.

3-аг бынæттæм рацыдысты **Нелли Куденцова** æмæ **Дианæ Бабаева**, 2-аг бынат бацахста **Елизаветæ Реутова**, турниры уæлахиздзау та ссис **Ульянæ Хаверева**.

Ерысты дыууæ хуызæй дæр Ирыстоны номæй архайдтой хæрзæрыгон чызджытæ. Уыдонæй кæд хæрзиуæг райсын никæмæн бантыст, уæддæр дзы цалдæры архайд рауад зæрдæмæдзæугæ. Зæгъæм, зæрдæмæ фæцыд 14-аздзыд рапиристкæ **Баситы Элинæйы** архайд. Уый фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ хæстæг уыд ерысты 1/2-æм хаймæ рацæуынмæ. Нæ зындгонд тренер **Людмилæ Щербич** куыд загъта, афтæмæй нæ æвзонг чызг ахæм ныхмæлæуджытимæ йæхи равдыста сæрæнæй, æмæ уый у йæ фидæны стыр æнтыстыл дзурæг.

Турнир арæзджытæ æмæ се 'ххуысгæнджытæ къорд сæрмагонд лæварæй схорзæхджын кодтой нæ кадджын уазджытæ, ерысты тæрхонгæнджытæ æмæ се 'ххуысгæнджыты.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Лыггæнинаг фарст

Бæлццæтты хъаст

Дзæуджыхъæуы бæлццæттæ ласæг маршрутон хæдтулгæты кæцыдæр хай нæ рацæуынц кусынмæ. Уый аххосæй горæты цæрджытæн райсомæй сæ кусæн бынæттæм, изæрæй та сæ хæдзæрттæм афойнадыл фæхæццæ уæвыны фадат нал вæйиы.

Дзæуджыхъæуы администрацийы транспортон управлени, паддзахадон автоинспекци æмæ Ространснадзоры Цæгат Ирыстоны управленийы кусджытæ иумæ бæрæг кæнынц ахæм цаутæ. Ацы фарстайы фæдыл сæм адæмæй цæуы бирæ хъæстытæ.

Дзæуджыхъæуы транспорты управленийы хайады хицау **Перисаты Алан** куыд загъта, афтæмæй сæ сæйраг нысан у бæлвырд кæнын, бæлццæттæ ласыны хæсмæ куыдфæндыйы цæстæй чи кæсы, уыцы адæймæгты, æмæ дзы дзуапп бадомын.

Фæсныхас. Ахæм уавæр дзæгъæл хуымæтæджы нæ сæвзæрд. Ууыилдæр æй уынæм, артаджы æргътæ куыд бæрзондмæ схызтысты, уый. Уæдæ хæдтулгæты иваэн хæйттæ дæр дзæвгар зынаргъдæр систы. Уыцы хабæрттæ тыхсын кæнынц маршруттыл кусæг адæмы дæр. Хъыгагæн, хуымæтæг уæлдæфæй кусæг мотортæ нæма ис. Æмæ, хæдтулгæты хицæуттæй æнæкъуылымпы куыст домгæйæ, æвæццæгæн, æмбарын хъæуы уыцы хабæрттæ дæр.

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Æхсызгон цау

Астрономи иронау

Фæстаг рæстæг бирæ ныхас кæнæм ирон æвзаг зоныны æмæ йæ ахуыр кæныны уавæрыл. Уыцы фарстамæ куыдфæндыйы цæстæй нæ кæсынц нæ республикæйы Хицауад, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци, ахуырад æмæ рухсады артдзæстыты разамонджытæ.

Æрæджы Дзæуджыхъæуы зындгонд конструктор Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъолайы байгом, астрономи иронау ахуыр кæнынæн алы фадæттæ кæм ис, ахæм кълас. Йæ сæйрагдæр цæстуынгæ æмæ ахуырадон æрмæг арæзт у номдзыд ахуыргонд, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты профессор, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Сиукъаты Никъалайы арæзт чиныг "Дун-дуне нæ алфамбылай"-мæ гæсгæ арæзт.

Ахæм кълас саразыны бæллиц уыд Космонавтикæйы скъолайы бындурæвæрæг Къомайты Русланмæ. Кæд цалдæр азы не 'хсæн нал ис, уæддæр ын йæ ныстуан сæххæст кодтой скъолайы ныры сæргълæууæг **Челдыты Зæлинæ** æмæ йæ хæдивæг — ахуырадон-хъомыладон куысты, педагогон наукæты кандидат **Тегетаты Жаннæ**. Астрономи ахуырты программæйы ном хуыйны "Дун-дуне". Къласы цы фынддæс ахуыргæнинаджы уыдзæн, уыдон сты Алайнаг гимназæй. Ис ын сæрмагонд ном — "Бонвæрнон". Афтæ хуыйны иронау планетæ Венерæ. Афтæ йæ уый тыххæй схуыдтой, æмæ Къомайты Руслан йæ иртасыныл йæ царды фылдæр хай кæй бахардз кодта.

— Астрономийы сусæгдзинæдтæ ирон æвзагыл фæсивæдæн æргом кæндзыстæм ахуыры азы дæргъы — къуыри дыууæ сахаты. Къласы чи уа, уыцы фæсивæд цы зонындзинæдтæ æвдисой, уымæ лæмбынæг нæ хъус дардзыстæм æмæ сын араздзыстæм æппæт æмбæлгæ уавæртæ. Кæд нæм республикæйы районтæ æмæ Дзæуджыхъæуы скъолаты разамынд æмæ ныйиарджытæй куырдиæттæ уа, уæд нæ ахуырты уаг дæр фæуæрæхдæр кæндзыстæм, — дзырдта нын Къомайты Русланы номыл Космонавтикæйы скъолайы директор Челдыты Зæлинæ.

Астрономи ирон æвзагыл ахуыр кæнынæн сæрмагонд кълас байгом кæныны кадджын æмбырды архайдтой æмæ скъолайы разамынд, ахуырдзаутæ æмæ ныйиарджытæн арфæ ракодтой РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды сæргълæууæджы хæдивæг **Сæлбиты Зитæ**, Дзæуджыхъæуы минæвæртты æмбырды сæрдары хæдивæг **Ходы Мæдинæ**, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы цур Æхсæнадон советы нымæрдар **Хъайтыхъты Тамарæ**, нæ республикæйы раздæры сæргълæууæг, амалхъом **Битарты Вячеслав** æмæ Алайнаг гимназы директор **Цæразонты Мæдинæ.**

СОЛТАНАТЫ Анвар

Преми райста

Хуыздæр ахуыргæнæг

УФ-йы Культурæйы министрады бахыгътой, 2023 азы музыкалон аивады æнтыстдзинæдтæ цы училищæтæ, сывæллæтты аивадон скъолатæ, уæлдæр ахуыргæнæндæтты педагогон дæсныйады бафтыд, уыцы хуыздæр ахуыргæнджытæн премитæ.

"Конкурсон бындурыл дыккаг хатт бæрæг кæнæм ахуыргæнджыты æвæджиауы архайд æмæ сæ хорзæхджын кæнæм хæрзиуджытæй: сæдæ премийы 500 000 мин сомы æхца сывæллæтты аивадон скъолаты ахуыргæнджытæн, 1 милуан сомы училищæты — 25 æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты — 25 ахуыргæнæгæн. Уæлдæр амынд министрад сарæзта сæрмагонд къамис æмæ уый уæлахиздзауты æвзæрста æртæ номинацийы — ахуырадон процессмæ хаст авторон фæрæзтæ, ахуырдзауты ахуырады бæрæггæнæнтæ æмæ сфæлдыстадон мадзæлтты сæйраг архайды фæлтæрддзинад, — ныффыста йæ телеграм-каналы УФ-йы культурæйы министр **Ольгæ Любимова**.

Министры ныхæстæм гæсгæ, ацы аз конкурсы архайдта 565 ахуыргæнæджы: 71 уæлдæр скъолатæй 106 училищæтæ æмæ 388 сывæллæтты аивадон скъолатæй. Нæ бæстæйы 50 регионæй фылдæры минæвæрттæ та систы лауреаттæ.

Лауреаты номхыгъды ис Дзæуджыхъæуы, **Гергиты Валерийы** номыл аивæдты колледжы ахуыргæнæг **Гæздæнты Еленæ** дæр.

"Зæрдæбынæй арфæ кæнын Мухтары-чызг Еленæйæн. Уырны мæ, музыкалон аивады йæ цы премийы аккаг скодтой, уый йæ æвæджиауы æнтыстдзинæдты æмæ, стыр æвæрæн кæй хæссы аивадон ахуырады рæзтмæ, уый тыхæй у", — фæнысан кодта РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Галазты Эдуард**.

Премитæ нысангонд цыдысты Уæрæсейы федерацийы Президенты Указмæ гæсгæ 2022 азы.

БАЙСОНГЪУЫРТЫ Анжеликæ

Культурæ

Дзæуджыхъæуы байгом æппæтдунеон равдыст "Дуне ныв кæны амонд"

Национ библиотекæйы кадджын уавæры байгом æрыгон нывгæнджыты æппæтдунеон равдыст "Дуне ныв кæны амонд". Ирыстонмæ йæ сластой хæрзаудæн фонд "Благо Дари Миру", йæ минæвæрттæ — Жаннæ ТРИФОНОВА æмæ не 'мзæххон, актер, режиссер ДЫГЪУЫЗТЫ Алан, æппæтдунеон хæрзаудæн фонд "Мила 4 Африка", йæ разамонæг — Еленæ ОБЕРЕМОК. Фестивал ныридæгæн ацыд Инди æмæ Египеты, стæй Уæрæсейы егъау горæтты. Дзæуджыхъæуы фæуыдзысты 7 октябрмæ, стæй сæ балц дарддæр акæндзысты Хуссар Ирыстонмæ.

Уæрæсейы Федерацийы адæмон нывгæнæг **Никас Сафронов** у фестивалы жюрийы сæрдар. Уый раарфæ кодта йæ архайджытæн, загъта, нæ республикæмæ уарзондзинады цæстæй кæй кæсы. Фестивалы сæйраг мидис у алы бæстæтæ æмæ нациты сывæллæтты кæрæдзимæ сфæлдыстады фæрцы хæстæгдæр кæнын, сæ курдиат сын раргом кæнын. Нывтæ сæ тематикæмæ гæсгæ сты цымыдисаг æмæ бирæвæрсыг. Ис дзы цардæй ист цæрæгойтæ æмæ æрдзы нывтæ, портреттæ, зæдтæ æмæ рухс кувæндæттæ. Се 'ппæт дæр сты ирд ахорæнтæй конд, раст цыма сæ царды зындзинад никуы федтой, афтæ.

Сывæллæты куы байгом, уæд йæ аразджытæ бæлвырддæр радзырдтой æрыгон нывгæнджыты тыххæй. Ис дзы, уæззау фыдракæндты тыххæй колонийы чи бады, ахæмтæ. Цыма уыдонæн сæ нывтæ иннæтæй рухсдæр уыдысты, афтæ зыны адæймагмæ. Уæдæ дзы ис, Донбассы хæсты цæхæры чи бахауд, уыцы нывгæнджыты куыстытæ дæр. Еленæ Оберемок куыд радзырдта, афтæмæй ацы равдысты фыццаг хатт канд Ирыстоны нæ, фæлæ æппæт дунейы дæр, æвдыст цæуынц африкаг альбинос-сывæллæтты куыстытæ. Сæ хъысмæт уæлдай уæззау у. Сæ ныйиарджытæ сæ ауæй кодтой цагъартæ æмæ шамантæн. Чи зоны, куыд рауадаид сæ хъысмæт, ацы хæрзаудæн фонд сæ куы нæ суæгъд кодтаид, уæд.

Фестивал сæ аивадæй срæсугъд кодтой инклюзивон коллективтæ "Арвæрдын", "Босые души", этнографион ансамбл "Æртхурон". Бæрæгбоны архайынмæ сæ фæхуыдта нæ республикæйы Театралон архайджыты цæдис, кæцы стыр æвæрæн хæссы ахæм коллективты райрæзтмæ. Уымæн аргъ кæнгæйæ, Дыгъуызты Алан фæсидт Театралон архайджыты цæдисмæ, цæмæй сын фестивал бæрзонд æмвæзадыл арвитынæн бахъуыс кæной.

Куыд нысан кæнынц, афтæмæй цæлхæмбырды уæлхъус нæ республикæйы Культурæ, Фæллой æмæ социалон рæзты министрадты минæвæрттæ, Театралон архайджыты цæдисы уæнгтæ, фестивал аразджытæ æрныхас кæндзысты рæстæгæй домгæ культурæимæ баст фарстатыл.

МАМИАТЫ Лолитæ

Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай

Афæхъо, замманай сабыр усыл фæхæст дæ!

— Цæмæн дæм афтæ кæсы?

— Иу сыбыртт дзы нæ фехъусдзынæ нæ сыхы, нæ куысты.

— Се 'ппæтимæ дæр хыл у...

***

Дохтыр йæ усæн дзуры:

— Абон мæм иу рынчын æрбацыд æмæ йын бацамыдтон, цæмæй йæ уæлæ хъарм дарæс скæна.

— Æмæ?

— Æмæ, куы ацыд, уæд бафиппайдтон: мæ хъарм кæрц фæцыдæр...

***

— Цард уыцы иухуызон куыд ссис!

— Цæмæн дæм афтæ кæсы?

— Знон дæр мæм æхца нæ уыд, абон дæр мæ мæ дзыппытæ — афтид.

***

— Зæгъ-ма, Мæхæмæт, дæ раздæры куыстæй дæ цæмæн систой?

— Куыстмæ мæ райс æмæ йæ базондзынæ...

***

Дыууæ лæджы быцæу кæнынц:

— Дæ сæр мæ сæрæй лæгуындæр у!

— Уæд цæмæн?! Нæдæр дæуыл ис сæрыхъуын, нæдæр мæныл!

— О, фæлæ дæуæн дæ сæр стырдæр у...

***

— Дæ мадыл цал азы цæуы?

— Йæхи ныхæстæм гæсгæ, уый у мæнæй æртæ азы кæстæр...

***

Пъæлицæйы кусæг дзуры хайадмæ:

— Мæнæ Сæрибары фæзы иу лæджы бастыгъдæуыд.

— Æмæ цы ми кæныс?

— Иуы дзы æрцахстон.

— Кæцыйы?

— Кæй бастыгътой, уый.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймагтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-96-50.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3109.
Заказ № 1185.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru